Сабиигъуэ зимыIахэр ягъэгушхуэ

2-нэ нап.



Багъымрэ Къэзаншымрэ Европэм щытокIуэ

3-нэ нап.

Къандур Мухьэдин и лъэужыыр нуру маблэ

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ ди газетым Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№141 (24.891) ● 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ПхагъэкIащ ди республикэм къыхилъхьа псори

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIхэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм, 2026 гъэм, 2027, 2028 илъэсхэм ятещIыхьа къэрал бюджетхэм епха унафэр ещанэ, иужьрей, къеджэгъуэм къызэрищтам. Къэбэрдей-Балъкъэрым бюджетым и проектым хуищIа хэлъхьэныгъэ псори пхагъэкIащ.

ПРЕЗИДЕНТ Путин Владимир цIыхубэр зылъэIэсыпхъэ лъагапIэу иубзыхуахэм нэсын папщIэ, республикэм лъэкI къызэримыгъанэм, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм жыджэру зэрыхуэкIуэм тепсэлъыхьащ КIуэкIуэ Казбек.

«Ди щIыналъэр къэралым унафэ щызезыхьэ органхэм жыджэру зэрадэлажьэм кърикIуа ехъулIэныгъэщ нобэ тлъагъур, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Къэралым санкцэхэр къызэрыращIылIам щхьэкIэ къэмынэу, ди бюджетыр мардэм тетщ икIи убзыхуащ.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа хъуным хуаутIыпщащ сом триллион 21-рэ, 2030 гъэ пщIондэ а бжыгъэр нэсынущ сом триллион 41-м. Пенсэхэмрэ пособиехэмрэ дяпэкIи индексацэ ящIынущ, екIуэкI уасэхэм хуагъэкIуэнущ, сабий, дзэм хэт зауэлI зэрыс унагъуэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зыщIагъэкъуэн щагъэтынукъым.

Медицинэ IуэхущIапIэхэр инфраструктурэкIэ къызэгъэпэщыным, анэмрэ сабиймрэ яхъумэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ, апхуэдэ дыдэу - щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ курытрэ езыт, IэщIагъэлIхэр зыгъэхьэзыр еджапIэхэм, сабий IыгъыпIэхэмрэ школхэмрэ, гъуэгу ухуэныгъэхэм, къуажэхэм зегъэужьыным, мэкъумэшым, туризмэм, промышленностым, нэгъуэщI лъэныкъуэхэм зегъэузэщIыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ къыхуащIынущ къытпэщылъ лъэхъэнэм. 2026 гъэм ар хуэкIуэнущ сом мелард 47,3-м, дызэрыт илъэсым елъытауэ, ар сом меларди 3,8-кIэ нэхъыбэщ. Ахъшэр хуаутIыпщынущ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа хъуным, абы хуозэ сом мелард 11,5-рэ, 2025 гъэм елъытауэ ар куэдкIэ нэхъыбэщ. КъинэмыщIауэ, щIыналъэм и бюджетыр зэлуэзэпщу щытыным хуэунэтIауэ, сом мелард 24,6-рэ дотацэу къратынущ, ари дызэрыт илъэсым елъытауэ сом меларди 2,2-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процентй 10-кIэ нэхъыбэщ.

А псом хэлъхьэжыпхъэщ республикэм и бюджетым илъэс къэс езым хэхъуэ хъарзынэ зэриIэр. 2025 гъэм и блэкIа мази 10-м къриубыдэу, абы процент 16 хэхъуащ, илъэс блэкIам елъытауэ - сом меларди 2,7-рэ.

Хэхъуэ нэхъыбэ зэрыдиIэнум и фIыгъэкIэ цIыхубэр зыхуэныкъуэ псори нэхъыфIу зэдгъэхъулIэфынущ, псалъэм папщIэ, бюджетым къыхэкIыу улахуэ зратхэм я лэжьапщIэм хэдгъэхъуэну Iэмал дгъуэтынущ. КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, а псоми республикэм щыпсэухэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэнущ».

Мадинэ и дыщэ медалыр

Ди спортсменкэ зэчиифIэ Сатушы Мадинэ Токио щызэхэта Сурдлимп джэгухэм тхэквондомкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

ПЩАЩЭМ зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъэгъуащ икIи тегушхуауэ зэпеуэм и Iыхьэ псоми бжьыпэр щиубыдащ. Мадинэ дыщэ медалыр къизэрихьам и мызакъуэу, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ сурдлимп утыкум апхуэдэ ехъулIэныгъэшхуэ къыщызыгъэлъэгъуа япэ урысей бзылъхугъэщ.

Зэпеуэм спорт лIэужьыгъуэу 21-кIэ я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ, медаль 212-рэ щагъэджэгуащ. Пашэныгъэм хущIэкъуащ къэрал 70-м щыщ спортсмен 3000-м щIигъу. Урысейм и лIыкIуэу абы щыIащ атлетикэмкIэ спортсмен 36-рэ, абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Сатушы Мадинэ. Пщащэр и гъэсэнщ Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир.

«Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Мадини тренер гупми сохъуэхъу я ехъулIэныгъэ лъагэмкIэ, фIыщIэ яхузощI Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми спортым зыщегъэужьыным хуащI хэлъхьэныгъэм, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ», - итщ КъБР-м и Iэтащхьэм интернетым щиIэ напэкIуэцIым.

Абрэдж Iэдиб и IэнатIэщIэ

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым иригъэкIуэкIа зи мычэзу зэIущIэм Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и унафэщI къулыкъум щытекIащ Балъкъыз Артур, ар нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу. Администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр игъэзэщIэну ягъэуващ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу къулыкъум пэрыта Абрэдж Iэдиб.

Ар Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къызбрун-2 къуажэм 1961 гъэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу иIэщ, «промышленнэ, граждан ухуэныгъэ», «юриспруденцэ» IэщIагъэхэмкIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ. КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министру лэжьащ, республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и къалэнхэр игъэзэщIащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

НыбжьыщIэхэм къахуэщхьэпэнущ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, «Къэрал сыхьэтым» хыхьэу, яIущIащ Сабий творчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» еджапIэм, Налшык къалэм и курыт школ №8-м, лицей №2-м я еджакIуэхэм.

● КъБР-м и Парламентым

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэмрэ я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIхэм ящыщ, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым хабзэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ - хабзэ къэпщытэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Руслан, УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ комитетым и чэнджэщакIуэ, ЩIалэгъуалэ палатэм жыджэру хэт Мэшыкъуэ Астемыр, Сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрат центрым я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм ныбжьыщIэхэм щахутепсэлъыхьащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм, ирагъэкIуэкI Iуэхухэм, щIалэгъуалэм зэраIущIэм, нэгъуэщI куэдми.

Емуз Нинэ жиIащ Урысейм щэкIуэгъуэм и 20-м Сабийхэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуным и махуэр зэрыщагъэлъапIэ Iуэхухэм хыхьэу зэрызэIущIар. «IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iут IэщIагъэлIхэр къывэдгъэпсэлъэну нобэ къыщIедгъэблэгъар сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ екIуэкI лэжьыгъэм фыщыдгъэгъуэзэн, фи упщIэхэм жэуап еттын папщIэщ», - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

ЩIалэгъуалэр щагъэсащ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэхэр щекIуэкI пэшышхуэм депутатхэм я тIысыпIэхэм. Емуз Нинэ къыхилъхьэри, республикэм къыщыщтэн хуей зы жэрдэмым ахэр иригъэгупсысащ. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм зэгъусэу «зэхалъхьащ» икIи «Iэ яIэтащ» электроннэ тутынхэр ящэныр къызэтезыгъэувыIэ законопроектым папщIэ.

Депутатхэм я хьэщIэхэм чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ, IэщIагъэ зэрызрагъэгъуэтыну, республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэу хуащIыфынум, нэгъуэщIхэми теухуауэ.

- КъБР-м и Парламентым махуэ къэс къалэнышхуэ егъэзащIэ. ЩIыналъэ хабзэхэр егъэфIэкIуэным къыдэкIуэу, ахэр федеральнэ законхэми техуэу щытыпхъэщ, - къыхигъэщащ Безгодькэ Владимир.

Шыпш Аслъэн ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ махуэ къэс ирагъэкIуэкI Iуэхухэм, щIалэгъуалэр нобэ зыIууэ гугъуехьхэм. Абы ахэр къыхуриджащ зыгуэрым и Iуэху еплъыкIэ даIыгъын ипэ, ар къезэгъ-къемызэгъым езыхэр егупсысу, унафэ тэмэм ящIу загъэсэным. «Ди зэгухьэныгъэм сабийхэм балигъхэр я гъусэуи я мыгъусэуи къытхуокIуэ, упщIэ зэхуэмыдэхэр яIэмэ, къыдахьэлIэу, ди лэжьыгъэм епхауэ яфIэгъэщIэгъуэным щIэупщIэу. Дэтхэнэми и Iуэхум жэуаплыныгъэ тхэлъу догупсыс, псоми фыкъеблагъэ вжыдоIэ».

Лицей №2-м и еджакIуэ Боровинская Тамилэ зэхуэсыр къызэрыщыхьуам теухуауэ жиIащ: «Iуэху гъэщIэгъуэн дыхэтащ. ЯпэщIыкIэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и унэм зыщытплъыхьащ, иужькIэ депутатхэм депсэлъэну Iэмал диIащ. Апхуэдэ IэнатIэ Iутхэм уаIущIэным, я Iуэху еплъыкIэм уедэIуэным зыуагъэужьу, уи гъащIэр зыхуэдэн хуейм урагъэгупсысу къызолъытэ».

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Ветераныр ягъэлъапIэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и МЧС-м и унафэщIхэр ехъуэхъуащ республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, илъэс 95-рэ ныбжьыр зыгъэлъапIэ, граждан зыхъумэжыныгъэм и ветеран Мерэтыкъуэ Клим.**

ВЕТЕРАНЫМ деж кIуэри и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуахэщ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Адыгэ Республикэм щыIэм и унафэщI Илющенкэ Станислав, IэнатIэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Дударев Константин.

Мерэтыкъуэ Клим къыхуагъэфэщащ СССР-м и медаль 16, абы «И къулыкъур хьэлэлу зэрырихьэкIам папщIэ» 1-нэ, 2-нэ нагъыщэхэр, «СССР-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я ветеран», «Дзэ щIыхьым папщIэ», «Хэку зауэшхуэм и зэманым фIыуэ зэрылэжьам папщIэ» жыхуиIэхэр хэту. Ар тылым и лэжьакIуэщ.

Жыг 80 хасащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэ ИнкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъур зэрагъэлъапIэм хуэгъэпсауэ, Бутов С.П. и цIэр зэрихьэу Черкесск къалэм дэт онкологие диспансерым и щIыналъэм щыхасащ жыг 80.**

«А жэрдэмыр ди Хэкум и хуитыныгъэм щIэбэну ди нэхъыжьхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ я нагъыщэщ», - щитхащ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид MAX мессенджерым щиIэ аккаунтым.

Жыгхэр хэсэным хэтащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Суюнов Джанибек, республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Кочкаровэ Дианэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Камурзовэ Динарэ, онкологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэмрэ лэжьакIуэхэмрэ, зэIэзэхэмрэ волонтерхэмрэ.

Темрезов Рашид къыхигъэщащ щIыналъэм щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ мы медицинэ IуэхущIапIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы IэщIагъэлI лъэщхэр зэрыщылажьэр, гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ цIыхухэм зэрадэIэпыкъур.

Лэжьыгъэм зыщегъэгъуазэ

АБХЪАЗ. **Президент Гунбэ Бадрэ Гагрэ районым щыкIуам щыгъуазэ зищIащ Псоу - Ингур гъуэгум зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым, - къет Президентым и пресс-IуэхущIапIэм.**

КАПИТАЛЬНЭ ухуэныгъэмкIэ управленэм и унафэщI Гамисоние Демир Президентыр щыгъуазэ ищIащ инвестицэ программэм хыхьэу гъуэгум и щIыпIэ 15 зэрызэрагъэпэщыжым.

Президентым къыхигъэщащ Урысейм зыпыщIэнымкIэ гъуэгум мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи лэжьыгъэр зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу зэфIэхын зэрыхуейр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ГуэдзымкIэ бжьыпэр зыIыгъхэр

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм нэгъуэщI щIыналъэхэм гуэдзу хурагъэшам и куэдагъым процент 14,4-кIэ хагъэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам елъытауэ. Псори зэхэту мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ящащ гуэдзу тонн мин 49-м нэблагъэ.

КъБР-м и щIыналъэхэм ящыщу гуэдз нэхъыбэ нэгъуэщI щIыналъэхэм яхуезыгъэшар Прохладнэ районым и мэкъумэшыщIэхэрщ - тонн мин 15,3-рэ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ Май (тонн мин 11,6-рэ), Бахъсэн (тонн мини 9,4-рэ) щIыналъэхэр.

КъапщытэжпIалъэм кърибыдэу Май районым нэгъуэщI щIыналъэхэм гуэдзу яхуригъэшам процентй 7,7-кIэ, Бахъсэн районым процент 1,4-кIэ хагъэхъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

И кIэм нагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэ Iухыжыгъуэр и кIэм щыноблагъэ. Республикэм и районхэм я администрацэхэм мэкъумэшымкIэ щыIэ я управленэхэм къызэратамкIэ, щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм зэхэту хьэцэпэцэрэ джэш хъурейуэ тонн мин 985-рэ кърахьэлIэжащ, абы щыщу тонн мин 671,5-р нартыху жылапхъэу. Ар къытрахыжащ гектар мини 100-м щIигъум е щIыуэ абы хухахам и процент 90-м нэблагъэм.



НОБЭКIЭ сэхурану Iуахыжащ тонн мин 23,1-рэ, ар къытекIащ гектар мин 16-м. Мыбдежми лэжьыгъэхэр и кIэм щынэблэгъащ, мэкъумэшыщIэхэм къахуэнэжар бгы лъапэхэмрэ джабэ нэкIуэхэмрэ щыхасар Iухыжынырщ. Псори зэхэту ар зэрыхъур гектар зы мин ирикъуркъым.

Апхуэдэуи хадэхэкIхэмкIи лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI. ЗэкIэ къызэратамкIи, тонн мин 350-рэ нобэкIэ зэщIакъуэжащ.

Гугъэ щыIэщ республикэм и мэкъумэшыщIэхэм мы гъэм нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэ гъавэ кърахьэлIэжыну.

БЭБЭЧ Башир.

Гу зылъытапхъэ

Терророрым пэщIэтыным хуэгъэзауэ 2025 гъэм къызэрагъэпэщыну яубзыхуа зыгъэсэныгъэхэм я планым, НАК-м и УнафэщIым Iэ зыщIидзам, ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым 2025 гъэм щэкIуэгъуэм 25 - 26-хэм Плановскэ къуажэм щригъэкIуэкIынущ терророрым пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ захуегъазэ пIалъэкIэ щыIэну мардэхэм зрагъэувэнкIэ хъуну щытыкIэр зэхащIыкIыну икIи къагурыIуэну.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Зэхъуэк Iынгъэхэм хоплъэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъащ. Ар иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Салим.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬАХЭМ ящыщщ «Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис жиIащ законопроектымкIэ республикэм и хабзэ актитхум зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэр.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Автомобиль гъуэгухэм зэрелэжьым теухуауэ» щIыналъэ законым и проектым. ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм зэрелэжьым ехьэлIа хабзэхэр зэрырагъэфIэкIуэнур къызэрыхалъхьэр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Емуз Нинэ жиIащ «УФ-м и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №314-р къызэращтам къыхэкIыу дэфтэрыр зэрагъэхьэзырар. «УФ-м и Егъэджэныгъэм теухуауэ» Федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм ехьэлIа унафэхэр зыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэм я къалэным зэрыдыщIагъур. Ар теухуащ «Зэреджам теухуа дэфтэрхэм я федеральнэ реестр» хъыбарегъащIэ системэм хамэ къэрал къикIахэр къэпщытэныгъэм зэрыпхыкIар къызэрыщагъэлъэгъуэжынум. Урысыбзэ зэрызрагъэщIар къызэрапщытэ тестыр ехъулIэныгъэкIэ яхуэтмэ, щIэныгъэ иратын мурадкIэ еджапIэхэм къащтэну я пщэрылъщ. Абы теухуа унафэр къыщагъэлъэгъуэнущ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ Iыхьэм и пункт 18-м.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил утыку къирихьащ «Патент IэмалкIэ налогыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщытрагуашэм ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым 2-нэ Iыхьэмрэ гуэдзэнымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ, «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и и бюджетыр 2025, 2026 - 2027 гъэхэм ятещIыхьауэ» щIыналъэ законхэм я проектхэр.

Законопроектхэм зыщагъэгъуэзэну хуагъэхьащ ахэр зи пщэрылъ IуэхущIапIэхэм. Абыхэм елэжьа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм щыхэплъэнущ.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм я жэрдэмхэмрэ федеральнэ законхэм я проекthэмрэ.

Юристым и махуэм ирихьэлIэу, унафэ ящIащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ иратыну а IэнатIэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIхэм ящыщ зыбжанэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Сабиигъуэ зимыIахэр ягъэгушхуэ

УФ-м и Компартым къызэригъэпэща «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэм, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур я тегъэщIапIэу, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм, курыт еджапIэхэм зэхыхьэ дахэхэр щызэхашэ.

АРУАН щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм иджыблагъэ зэIущIэ щхьэпэ щрагъэкIуэкIащ. Ар теухуат зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда ди нэхъыжьыфIхэм я пщIэр Iэтыным, гугъуехьу я нэгу щIэкIам ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзэным, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэхуаку дэлъын хуей пщIэ-нэмысым щIэблэр щIэгъэдэIуным.

КПРФ-м и къудамэу Старэ Шэрэдж щыIэм и унафэщI ПщыхуэфI Русланрэ абы и къуэдзэ КIуащ Аскэрбийрэ къыхалъхьа жэрдэмыр дaIыгъащ а къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Хьэпэ Залинэрэ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Къамбий Астемыррэ.

Зэхыхьэм кърагъэблэгъат Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыда нэхъыжьыфIхэу а къуажэм дэсхэм ящыщу цIыху 40-м нэблагъэ. «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Аруан щIыналъэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Джатокъуэ Казбек, Компартым и район къудамэм и япэ секретарь Къардэн Мурадин, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, къуажэдэс нэхъыжьхэм я советым и унафэщI Iэщын Юрэ, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди республикэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Къэнэмэт Замир, Старэ Шэрэдж дэт школхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ, къуажэдэсхэм ящыщхэр, нэгъуэщIхэри.

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуа нэужь, къызэхуэсахэр Хэку зауэшхуэм, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэкIуэдахэм папщIэ зы дакъикъэкIэ щыгъуэри, псалъэ иратащ Сэхъурокъуэ Хьэутий:

- Мы Iуэху дахэм кърихьэлIа дэтхэнэми фIыщIэ фхузощI. Псом хуэмыдэу мыбдеж щыс ди нэхъыжьыфIхэм хуабжьу сыфщогуфIыкI фи къару къихьу фыкъызэрыкIуэфам папщIэ. Хэкур псэзэпылъхьэпIэ щихуэм зауэм Iухьа нэхъыжьхэм къыфхуагъэна лэжьыгъэ хьэлъэм фыпэрытащ псэемыблэжу, сабиигъуэр зищIысыр фымыщIэу фыкъэхъуащ. Дэтхэнэ зыми дыркъуэу и гум къытенащ а зауэ гущIэгъуншэм и зэранкIэ игъэва бэлыхьыр. Ди щIыгур зыубыдыну къизэрыхьа хьэкIэкхъуэкIэхэр къыздикIам яхужащ ди зауэлIхэм, лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу цIыху куэдым я щхьэр халъхьащ, а гузэвэгъуэр ди ТекIуэныгъэкIэ иухын папщIэ. КъищынэмыщIауэ, Компартым хэтхэм лейуэ фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ: нэхъыжьыфIхэм щхьэкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къызэрызэвгъэпэщыр псапэщ икIи гуапэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы къуажэм цIыху щэджащэ куэд къызэрыдэкIари, ар икъукIэ щIалэгъуалэм дежкIэ щапхъэщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

АдэкIэ къэпсэлъащ Къэнэмэт Замир:

- Лъэхъэнэ хьэлъэм щIэх балигъ ищIа ди нэхъыжьыфIхэм фи нэгу зедгъэужьыну, ди гулъытэ зыхывэдгъэщIэну дыхуейт. Фэ фи нэгум щIэкIа бэлыхьымрэ хьэзабымрэ дэ зэи тщыгъупщэ мыхъун Iуэхущ. Ди нэхъыжьыфIу фIыщIэ ин зыхуэфащэхэр фыпэщIэтащ а гугъуехьым псэемыблэжу. ЩIыналъэ дахэу бэвылъэ щIыгур зыубыдыну къизэрыхьа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Хэкур щахъумэну тэджа фи адэанэхэм къагъэна лэжьыгъэ мытыншым шыщхьэмыгъазэу фызэрыпэщIэтамрэ флъэгъуа гукъутэмрэ ди щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзапхъэщ. ЗэIущIэм кърихьэлIахэми зи узыншагъэм къимытIасэу къэмыкIуэфахэми ину фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ, икIи нобэ нэхърэ нэхъыкIэ фымыхъуу, фи бынхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ флъагъуу, пщIэр, нэмысыр фи жьэгум дэлъу иджыри куэдрэ ди япэ Тхьэм фригъэт! АдэкIэ щIалэгъуалэм зыфхузогъазэ: «Нэхъыжь зымыгъэлъапIэр щхьэ лъапIэгъуэ ихуэркъым» жыхуиIэращ. Нобэ мыбдеж дызытепсэлъыхьыр къывгурыIуэу, флъагъумрэ зэхэфхымрэ дерс къыхэфхыу, блэкIар зыхуэдэр фщIэуэ фыкъекIуэкIмэ, къэкIуэн дахи фиIэнущ. Хабзэмрэ нэмысымрэ фи Iэпэгъуу, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэфщIу, фи нэр здэплъэм фи лъэр щыуву, дунейр мамыру, узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэу гъащIэ дахэ къэзыгъэщIэн Тхьэм фищI, - жиIащ абы.

Къардэн Мурадин къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- ГъащIэр псыежэхым хуэдэщ, псынщIащэу гъэхэр зэкIэлъокIуэ. Апхуэдэурэ ди гъащIэри макIуэ. Дыгъуасэ хуэдэщ ди зауэлIхэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщахьауэ, жылагъуэр гуфIэгъуэм зэщIиIэтауэ щыщытар. Иджы а Iуэхушхуэр къызэрыхъурэ мы гъэм илъэс 80 ирикъуащ. Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыта цIыхухэм фIыщIэ мыухыжыр яхуэфащэщ. Нобэ мыбдежым щыдгъэлъапIэ ди нэхъыжьыфIхэр щысабиям, я адэхэр, я къуэш нэхъыжьхэр зауэм кIуэуэ, ахэр зыпэрыт IэнатIэм щыпэрыувам, гугъуехьрэ хьэзабу яшэчам щIэи гъуни иIэкъым. Ди нэхъыжьыфIу фIыщIэ иныр зыхуэфащэхэр, я лъэм кърихьэкIыу я къарур пэлъэщыху, мамырыгъэ гъащIэм телэжьащ. Иджы чэзур ди деж къэсащи, абыхэм я гуащIэдэкIым хэдгъэхъуэныр, къытхуагъэна щIэиныр дгъэбэгъуэныр адэкIэ ди къалэнщ. А псори щIэблэм зыхедгъэщIэн хуейщ, я блэкIар ящIэжу, гъэсэныгъэ ябгъэдэлъу, нэхъыжьхэм я Iэужьым пщIэ хуащIу, я Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэтэджын папщIэ. Дэ псоми мы зэманым ди къалэн нэхъыщхьэр ди нэхъыжьыфIхэм фи гур хэзыгъэхъуэн, зы мащIэ нэхъ мыхъуми, фхуэтщIэнырщ, фызэрытщымыгъупщэр зыхывэдгъэщIэнырщ.

Зэхуэсым хэта нэхъыжьхэм зырызыххэу я цIэ кърaIуэурэ, «Зауэм и бынхэр» зытет медалымрэ удз гъэгъа Iэрамэрэ иратащ. Я узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIкIэ Iуэхум къримыхьэлIэфа нэхъыжьхэм я унэм кIуэурэ медалхэр ирaтыжыну унафэ ящIащ.

НэхъыжьыфIхэм папщIэ ягъэхьэзыра концертымкIэ зэIущIэр зэхуащIыжащ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Раисэ** *ейщ.*

● КъБР-м и Прокуратурэм

Социальнэ IуэхущIапIэм щахуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м Сабиййм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэрэ закъыхуэзыгъэзахэм щаIущIащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Нэмыс» республикэ центрым.

АБЫ къекIуэлIат щIыналъэм щыпсэу цIыху 14, гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэгъэпэщыным, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмхуэкIуэ хуэдэу хабзэм къемызэгъыу хагъэкIа я ахъшэр кърат ыжыным, я къуэрылъху-пхъурылъхухэр я нэIэм щIагъэувэным, псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ.

КIэлъыплъакIуэ ведомствэм и унафэщIым пщэрылъ ящищIащ зэрызыкъыхуагъэза дэтхэнэми ехьэлIа къэпщытэныгъэхэр замыIэжьэу ирагъэкIуэкIыну, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэфIагъэувэжыну.

Iуэхур зэрекIуэкIым прокурорым и нэIэ тетынущ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым

ГъэшымкIэ пэрытхэр

Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - фокIадэм кърикIубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ зэхэту тонн мин 68,2-рэ гъэшу къашащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэхэм я зэфIэкIхэр къэдгъэлъагъуэмэ, япэ увыпIэр Шэрэдж районым иубыдащ, тонн мин 13,4-рэ иIэу. Лэскэн щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэр етIуанэщ. Къапщытэж пIалъэм кърикIубыдэу абыхэм къашащ гъэшу тонн мин 11,3-рэ. Ещанэр Бахъсэн районырщ - тонн мини 9,3-рэ.

Къыхэдгъэщынщи, а щIыналъищым, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм гъэшу къашам и куэдагъым елъытауэ, мы гъэм хэхъуэу яIащ проценти 7,6-рэ, проценти 4, процент 0,3-рэ.

ПсэупIэу яухуэм къыхохъуэ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм кърикIубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэ IэнатIэхэм сом мелард 28,1-рэ и уасэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм кърикIубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэу 33-рэ яIэтащ, уней псэупIэхэр хэплъхьэжмэ - 2884-рэ. ФэтэрыщIэу яухуар псори зэхэту 4086-рэ мэхъу.

Республикэм псэупIэу щащIащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 459,7-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 1,3-кIэ нэхъыбэу. Абы щыщу метр зэбгъузэнатIэ 382,6-р унагъуэхэм ейщ. Нэгъабэ яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 8-кIэ ари нэхъыбэщ.

Ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 77,1-рэ яухуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм нэхърэ процент 24,4-кIэ ар нэхъ мащIэщ. 2024 гъэм а бжыгъэр метр зэбгъузэнатIэ мини 101,5-рэ хъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, къуажэхэм щаухуэ псэупIэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, къапщытэж пIалъэм кърикIубыдэу абыхэм щаIэтащ унэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 253,6-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 2-кIэ нэхъыбэу.

Ахъшэ хэхъуэр

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и етIуанэ мазищым кърикIубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ипэжыпIэкIэ ахъшэ хэхъуэу яIар процент 12,1-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ.

IЭНАТIЭ Iутхэм я хэхъуэм процент 26,3-кIэ, социальнэ ахъшэу къахьхэм проценти 8,4-кIэ хэхъуащ.

Мыдрейуэ, ипэкIэ хъыбар зэрыщыIамкIэ, мы гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум кърикIубыдэу республикэм ику иту щат улахуэм и куэдагъыр сом 51170,2-рэ хъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 13,2-кIэ ар нэхъыбэщ.

2025 гъэм и шыщхьэуIум республикэм улахуэу ику иту щатащ сом 47520,3-рэ е 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 11,3-кIэ нэхъыбэ. А мазэм цIыхухэм ипэжыпIэкIэ къахьа улахуэм проценти 3,6-кIэ хэхъуащ нэгъабэ елъытауэ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩытыкIэм арэзы къещI

УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым ШынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ Америкэм къыхилъхьа Iуэхугъуэхэм.

«УРЫСЕЙР хьэзырщ мамыр зэпсэлъэныгъэхэр иригъэкIуэкIыну, ауэ ар арэзы къещI дзэ Iуэху хэхам иджыпсту щыIэ щытыкIэм, зыхуагъэувыжа къалэнхэр зрагъэхъулIэным зэрыхуэкIуэ щIыкIэм», - жиIащ Путин Владимир.

Президентым къыхигъэщащ УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм Купянск иджыблагъэ хуит къызэращIыжар, фронтыр здэщыIэ адрей щIыпIэхэми мыгувэу ехъулIэныгъэхэр зэрыщаIэнур. «Зэныкъуэкъур мамырыгъэкIэ зэфIэхын папщIэ къагъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм я дэтхэнэ зы Iыхьэри гупсэхуу зэпкърыхын хуейщ», - дыщIигъужащ къэрал УнафэщIым и псалъэхэм.

Путин Владимир Киеврэ европей къэралхэмрэ захуигъазэу жиIащ Москва зэпсэлъэныгъэхэм зэрыхуэхьэзырыр, ауэ хэкъузауэ къигъэлъэгъуащ езыхэр а Iуэхум къемыувалIэмэ, зауэ зэпэщIэтыныгъэхэмкIэ я мурадыр зэрызэрагъэхъулIэнур.

Дагъыстэныр къыхощхьэхукI

Къэралым имыкIыу зызыгъэпсэхуну хуейхэр нэхъыбэу здэкIуэр Дагъыстэн, Калининград, Бурятие, Алтай, Мурманск, КъуэкIыпIэ Жыжьэ щIыналъэхэрщ.

«АХЭР йогугъу турист щIыпIэщIэхэр къызэрызэрагъэпэщыным, щыIэхэр къызэрагъэщIэрэщIэжыным, зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр зэрыхъукIэ къызэрыдахьэным хуэщIауэ я лэжьыгъэр зэтраублащ, - жиIащ ТуриндустриемкIэ урысей зэгухьэныгъэм и унафэщI Уманский Илья. – Япэу къыхэзгъэщынут Дагъыстэныр, къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм къызэщIиубыдэ щIыналъэ псори. Ауэ Дагъыстэныр нэхъ къахощхьэхукI, щIэупщIэ нэхъыбэ иIэщ. Илъэс къэс абы зэрызиужьыр нэрылъагъущ, Iуэхум хуэIэижь хъуауэ, сытым дежи туристхэр куэду къызэрыдихьэхыным хуэгъэпса Iэмалхэр къегъэсэбэп».

Щэк Iуэгъуэм и 25, *гъубж*

- **ЦIыхубзхэм залымыгъэ якIэлъызехьэным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
- **Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм я махуэщ**
- **Урысейм щагъэлъапIэ пшынауэхэм я махуэр**
- **1935 гъэм** СССР-м щагъэуващ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.
- **1927 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Пётр**.
- **1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЛIыхъусэжь Хьэжрэтбий**.
- **1979 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ХъуакIуэ ФатIимэт**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 26, *бэрэжьей*

- **Информацэм и дунейпсо махуэщ**
- **ВакъэщIэм и дунейпсо махуэщ**
- **1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я Штаб Нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
- **1941 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Мурадин**.
- **1952 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд**.
- **1962 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Маритэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Бжьыхьэсэр щIагъэхуабжьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ администрацэхэм мэкъумэшымкIэ щыIэ управленэхэм зэкIэ къызэратамкIэ, мы гъэм бжьыхьэсэр зытращIэну яубзыхуа гектар мин 66,5-м щыщу гектар мин 48,7-м нобэкIэ ар хасащ.

АБЫ ЩЫЩУ гектар мин 35-р гуэдзым, гектар мини 7,6-р хьэм, гектар мини 6,0-р рапсым, гектар мин 0,1-р Iэщым ирагъэшхыну къэкIыгъэ щхъуантIэм хухахащ.

Бжьыхьэсэм къыдэкIуэу, щIым щIыгъэпшэрхэр халъхьэ. Губгъуэ лэжьыгъэхэр ныкъусаныгъэншэу екIуэкIын, гъавэ бэвым и лъабжьэр ягъэтIылъын папщIэ мэкъумэшыщIэхэр тонн мин 47,5-рэ хуэныкъуэнущ мы гъэм. НобэкIэ щIыгъэпшэру ягъэхьэзырар зэрыхъур тонн мин 44,5-рэщ е ахэр зыхуеинум и процент 94-рщ. Къэнар республикэм и мэкъумэш хозяйствэхэм кърашалIэ, къатащ щIыналъэхэм я администрацэхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● УФСБ-м къет

ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, «Урысейм и пощт» АО-м и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм шынагъуэншагъэмкIэ и департаментым я лэжьакIуэхэм, экономикэ щIэпхъаджагъэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Шэджэм районым и Яныкъуей къуажэм дэт пощт къудамэм и унафэщI Аккаевэ Ж. Э. илэжь хабзэншагъэр.

ЗЭРАГЪЭБЕЛДЖЫЛАМКIЭ, къэдгъэлъэгъуам езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ зи унафэщI IуэхущIапIэм и ахъшэр.

КъБР-м и Шэджэм район судым и унафэ зэкIэ нэсу къару зымыгъуэтам ипкъ иткIэ, ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэмкIэ икIи ямыгъэтIысу илъэситI тралъхьащи, зыщIэгупсысыжыну Iэмал иIэщ.

Суд тращIыхьащ

Республикэм щыпсэухэу илъэс 42-рэ зи ныбжь Жанэ М. М., илъэс 63-рэ хъу Iэщын А. И. сымэ ялэжь хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ. Ахэр пыщIат фадэхэкIхэр гъэхьэзырыным, зыIэрыгъэхьэным, хъумэным икIи маркировкэхэр темылъу ирагъэкIыным.

АРУАН район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ цIыхухъуэхэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр ялэжьауэ. Абыхэм условнэу илъэси 2-м щыщIэ-дзауэ илъэси 2-рэ мази 6-м нэс тралъхьащ.

Республикэм щыпсэухэу республикэм щыпсэухэу Пэф Ч. Х., Хъыжьрокъуэ М. Т., Багъ А. М., Тхьэгъэпсо А. А. сыми апхуэдэ хабзэншагъэ ялэжьу къыщIагъэщащ.

Iуэхухэр щызэхагъэкIым Налшык къалэм къыщагъуэтащ фадэхэкIхэр щагъэхьэзыр цех щэху. Къытрахащ ирагъэкIыным хуэхьэзыр, спиртхэкI зэрыт, федеральнэ маркэхэмрэ акцизхэмрэ зытемылъ кумбыгъэ мини 8-м щIигъу.

Бахъсэн район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ ахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и «а», «б» пунктхэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ икIи ямыгъэтIысу илъэси 2-м къыщыщIэдзауэ илъэси 3-рэ мази 6-м нэс тралъхьащ.

Хьэгъэщагъэр къыщIагъэщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм ехьэлIа Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ «Жилищно-коммунальное хозяйство Института ядерных исследований Российской академии наук» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм илэжь щIэпхъаджагъэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, шэч зыхуащIым дэфтэр нэпцIхэр и лъабжьэу и цIэкIэ иригъэтхащ Iуащхьэмахуэ районым щыIэ Нейтринэ къуажэм дэт псэупIэр.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-кIэ ягъэтIыс.

Яубыдащ къэралым епцIыжар

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь цIыхухъур Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ. Ар ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и шынагъуэншагъэр къэзыгъэтIасхъэ Iуэхум хэтауэ, хамэ къэралым дэIэпыкъуну яужь итауэ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ хъыбар къаIэрыхьат, шэч зыхуащIым, Украинэм щыIэу, а къэралым и къулыкъу хэхам ящыщхэм зэрызапищIам, икIи, къызэрыхуагъэувам къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэпхъаджагъэ щилэжьыну и пщэрылъу Урысей Федерацэм къызэрихьам теухуауэ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ, 281-нэ, 222.1 статьяхэм я 1-нэ Iыхьэхэм, 275-нэ статьям япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьам и гъащIэр лъэхъуэщым щихьынкIэ хъунущ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи псалъэ гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ.

Ислъамым и нур

ПIалъэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**

Пшэ зи гъусэ хьэщIэ

ИСРАIИЛ и бынхэм лIыфI гуэр яхэтт, и тхьэшынагъымкIэ цIэрыIуэу, гуэныхьым зыщихъумэрэ шыIэ хэлъу псэууэ. Алыхьталэм деж абы и пщIэр апхуэдизкIэ щыинти, зыщIэлъэIу псори къыхуищIэрт. Бгыщхьэхэм къыщикIухьу, жэщ псом нэмэз ищIу апхуэдэт ари, Алыхьым абы и унафэм зы пшэ къыщIигъэуват, и ужьым имыкIыу. Щихъыр щыхуейм деж, пшэм псы къыхурикIыхырти, мыдрейм ар ирифырт, зритхьэщIырт. Апхуэдэ защIэу екIуэкIащ лIым и дин лэжьыгъэхэр нэхъ къыфIэмыIуэхуу хъуху. Арати, Алыхьталэми пшэр иубыдыжри, щихъыр нэщхъей къэхъуащ, Тхьэм и нэфIыр зэрыщхьэщыкIар къыгурыIуэри. Жэщ гуэрым абы макъ зэхех: «Мыпхуэдэ пащтыхьым деж кIуэи, духьэ пхуищIыну елъэIу, абы и псалъэр Алыхьым деж нос».

ЩIышхуэ зэпиупщIу, щихъыр макIуэ зи цIэ къыхураIуа къалэм. АрщхьэкIэ сэрейм щIагъэхьэркъым, пащтыхьым цIыхухэр щригъэблагъэ махуэр нобэкъым, къыжраIэ. ЛIыр йогупсыс: апхуэдэу цIыхухэм защызыгъэпщкIу пащтыхьыр Алыхьым пэгъунэгъур пэж? ЖыхуаIа махуэм егъэзэжри, щыгъын зыкъизыхкIэ зэщыхуэпыкIа уэзирым къыжреIэ: «Иджы лъэIу зиIэхэр фыкъыщIыхьэ».

АдэкIэ къэхъуар щихъым и псалъэкIэ къэтIуэтэжынщ:

- Уэзирым цIыхухэр зырызу пащтыхьым бгъэдишэурэ, сэри си чэзур къос.

Пащтыхьым сэ зыкъысхуегъазэри жеIэ: «Къеблагъэ, пшэр зи гъусэ хьэщIэ! ТIэкIурэ къызэжьэ, хуит сыхъунущ иджыпсту».

Сызэгупсысынур сщIэртэкъым пащтыхьым теухуауэ, ауэ абдежым ар зэрыцIыху лъагэр си фIэщ хъуащ. ЗэфIэнахэр зэригъэкIужми, и унафэ щIэтхэм я къалэнхэр ятригуашэми, ищIэнур зэфIигъэкIа нэужь, пащтыхьыр къэтэдж, си Iэр иубыдри, и сэрейм сыщIишащ. Сэреибжэм деж IэщэкIэ узэда хъумакIуэ щIалэ щытт, и фэр фIыцIэу, пащтыхьым и жьэ къыжьэдэкIа псори игъэзащIэу. Си Iэр зыIыгъ пащтыхьыр абы Iуиха бжэмкIэ щIохьэ. Зэгъусэу дыздэкIуэм, бжэ цIыкIу гуэр къызолъагъу. Мо сэреишхуэм и кIуэцIым пэш ныкъуэкъутэр щIэту арати, дыщIохьэ, аргуэру нэгъуэщI пэшыбжэ Iуехри, зы нэмэзлыкъ, андез зэраштэ тас-къубгъанрэ чыцIыбжьэ тхьэмпэ зыбжанэрэ фIэкIа зыщIэмылъ пэш нэхъ цIыкIужым дыкъыщохутэ.

Пащтыхьым и щыгъын зэщIэлыдэр щехри, цы хужьым къыхэщIыкIа хъэлат пхъашэ щетIагъэ, упщIэ пыIэ щхьэретIагъэ. СигъэтIыса нэужь, и щхьэгъусэм йоджэ:

- Уа мыпхуэдэхэ япхъу! Нобэ ди хьэщIэр хэтми пщIэрэ?

- СощIэ, пшэр зи гъусэ щIалэращ ар, - къret жэуап.

- КъыщIэкI, абы и хьэтыркIэ зыми зыкIи уигъэкъуэншэнукъым.

Ныбжьым ещхьу къыщIэкIа цIыхубзым и нэкIур мазэ лыдт, и щхьэм телъри щыгъри цы пхъашэм къыхэщIыкIа защIэт.

- Ди хъыбарыр къэпщIэну ухуей? – къызоупщI абдежым пащтыхьыр, - хьэмэрэ духьэ зэрыпхуэтщIу, укIуэжмэ, нэхъ къэпщтэну?

- Хьэуэ, - жызоIэ, - фи хъыбарым седэIуэнущ.

- Сэри апхуэдэу нэхъ къэсщтэнут, - жеIэ пащтыхьми, къыщIедзэ. – Си адэмрэ си адэшхуэхэмрэ зыр адрейм и ужьым иту, нэхъыщIэр нэхъыжьым и пIэ къиувэурэ, пащтыхьыгъуэр зэIэпахащ, тепщэгъуэр сэ къысIэрыхьэху. Алыхьым а Iуэхум апхуэдизкIэ сигу щигъэкIати, псори къызэхэзнэу сежьэжын си гугъащ япэщIыкIэ. ИтIанэ фитIнэ къежьэу, хабзэхэр кIуэдыжынкIэ, дин зезыхьэхэр зэкъуэхункIэ сышынэри, псори зэрыщыту къэзгъэнащ. Дэтхэнэ зыми улахуэ хуэзгъэувщ, сэри пащтыхь щыгъын щыстIагъэри, пщылIхэр куэбжэм деж езгъэтIысэкIащ, Iей зигу илъхэр фIы зигу илъхэм зэран яхуэмыхъуфын хуэдэу. Тезырхэр ткIийуэ сукъуэдийри, псори зэфIэкIа нэужь, си унэм сыщIыхьэжащ. Щыгъын дахэхэр зыщысхри, мис мыр щыстIэгъэжащ.

Мы плъагъу си щхьэгъусэр дунеягъэм симытхьэкъунымкIэ, диным гущIыIэ сыхуэмыхъунымкIэ къыздоIэпыкъу. Махуэм чыцIыбжьэ тхьэмпэхэм арджэн къахыдощIыкIри, абы пщыхьэщхьэм дызэрыхэщхьэщэжын къытхущIокI. Илъэс плIыщI хъуауэ, абы дытетщ. Ди арджэнхэр тщэху тIэкIу зыIэжьи, ди гъусэу ухэщхьэщэжынщ, ди деж жэщым ущыIэнщи, Алыхьым жыхуиIар бгъуэтынщ.

- Махуэр иуха нэужь, - пещэ адэкIэ щихъым, - пщылI щхьэпэлъагэ гуэр къыщIыхьэри, зэщхьэгъусэхэм ящIа арджэнхэр щIихщ, бэзэрым ихьщ, зы къэраткIэ ищэри, щIакхъуэрэ джэшрэ къахуищэхуащ. Пащтыхьымрэ и щхьэгъусэмрэ садэшхащ, жэщми я деж сыкъэнащ. Езы тIур жэщыкум къэтэджыжхэри, нэмэз ящIым, нэпсхэр къафIекIуэу щысахэщ. Нэхущым деж и тхьэелъэIупIэм къыIуна пащтыхьым и макъыр зэхызох:

- Уа ди Тхьэ! Мис уи пщылIыр мыбдежым щысщи, и пшэр ептыжыну мэлъаIуэ. Етыж, ди Тхьэ, абы и пшэр, егъэлъагъу и лъэIур зэрызэхэпхар!

И щхьэгъусэм «Iэмин» зэрыжиIэу, уафэм асыхьэтым пшэр къиихутэжащ.

- Ар нэщэнэфIщ, - жиIащ пащтыхьым.

Арати, сэлам ясхыжхэри, си пшэр сщхьэщыту сыкъэкIуэжащ.

Абдежым щегъэжьауэ, щихъым и зы тхьэлъэIуи мызащIэу къэнакъым.

Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	05.49	07.19	12.05	14.22	16.34	18.14
2, гъубж	05.50	07.20	12.05	14.22	16.33	18.13
3, бэрэжьей	05.51	07.21	12.06	14.22	16.33	18.13
4, махуэку	05.52	07.22	12.06	14.22	16.33	18.13
5, мэрем	05.53	07.23	12.07	14.21	16.33	18.13
6, щэбэт	05.54	07.24	12.07	14.21	16.33	18.13
7, тхьэмахуэ	05.55	07.25	12.08	14.21	16.33	18.13
8, блыщхьэ	05.56	07.26	12.08	14.21	16.33	18.13
9, гъубж	05.57	07.27	12.08	14.21	16.33	18.13
10, бэрэжьей	05.58	07.28	12.09	14.22	16.33	18.13
11, махуэку	05.59	07.29	12.09	14.22	16.33	18.13
12, мэрем	05.59	07.29	12.10	14.22	16.33	18.13
13, щэбэт	06.00	07.30	12.10	14.22	16.33	18.13
14, тхьэмахуэ	06.01	07.31	12.11	14.22	16.33	18.13
15, блыщхьэ	06.02	07.32	12.11	14.22	16.33	18.13
16, гъубж	06.02	07.32	12.12	14.23	16.34	18.14
17, бэрэжьей	06.03	07.33	12.12	14.23	16.34	18.14
18, махуэку	06.04	07.34	12.13	14.23	16.35	18.15
19, мэрем	06.04	07.34	12.13	14.24	16.35	18.15
20, щэбэт	06.05	07.35	12.14	14.24	16.35	18.15
21, тхьэмахуэ	06.05	07.35	12.14	14.25	16.36	18.16
22, блыщхьэ	06.06	07.36	12.15	14.25	16.36	18.16
23, гъубж	06.06	07.36	12.15	14.26	16.37	18.17
24, бэрэжьей	06.06	07.36	12.16	14.26	16.38	18.18
25, махуэку	06.07	07.37	12.16	14.27	16.38	18.18
26, мэрем	06.07	07.37	12.17	14.28	16.39	18.19
27, щэбэт	06.07	07.37	12.17	14.28	16.40	18.20
28, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.18	14.29	16.40	18.20
29, блыщхьэ	06.08	07.38	12.18	14.30	16.41	18.21
30, гъубж	06.08	07.38	12.19	14.30	16.42	18.22
31, бэрэжьей	06.08	07.38	12.20	14.31	16.42	18.22

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

ФIыгъуэшхуэщ цIыхур зэхэпщIыкIыныр

Зи псалъэр гум нэс, щIыналъэм пщIэ нэхъ щызиIэ дин лэжьакIуэ, Шэджэм ЕтIуанэм дэт мэжджытым и Iимам ХъуэкIуэн Арсен и мэрем хъутIбэр теухуащ муслъымэным гущIэгъу зэрыхэлъыпхъэм.

- IУХЬУД зауэр иуха нэужь, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам гу лъитащ Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iэбдулыхь и къуэ Джабир егъэлеяуэ зэрынэщхъейм. «Уа Джабир! Сыт мыпхуэдизу узэтезыкъутар, ущIыхэплъэр, узыгъэгузавэр?» - еупщIащ абы ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар.

«Уа Алыхьым и ЛIыкIуэ, - жэуап къритащ Джабир. - Си адэр шэхьид хъуащ, си шыпхъуибгъур къысхуэнащ, унагъуэри си адэм и щIыхуэхэри си пщэм къыдэхуащ».

«НтIэ, уи адэр Алыхьталэм зэрыхуэзам и хъыбарымкIэ узгъэгуфIэн?» - къеупщIащ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар. «Ахьей, сыгъэгуфIэ», - жеIэ Джабир.

«Дунейм ехыжа псоми Алыхьталэр къызэрепсалъэр Iупхъуэ щIыбагъым къыдэтущ. Ауэ уи адэмрэ Алыхьымрэ я зэхуакум Iупхъуи дэмылъу, лIыкIуи дэмыту, зэхуэзащ. «Уа си пщылI! УзыщIэхъуэпс дыдэр жыIэ, пхуэсщIэнущи», - апхуэдэу зыкъыхуигъэзащ Алыхьу Лъагэм уи адэм. «Уа ди Тхьэ! Сэ сызыщIэхъуэпсыр иджыри зэ сыкъэбгъэпсэужу, Уи цIэкIэ Уи диным си псэр щIэстыныр аращ», - апхуэдэ жэуап иретыж. «Сэ си унафэр зэрыщытыр мыпхуэдэущ: зэ дунейм ехыжам абы игъэззэжынукъым», - къритащ жэуап Алыхьышхуэм».

Абы щыгъуэщ къыщехар шэхьидхэм ятеухуа Iэятыр: «Алыхьым и диным щIэбэну къаукIахэр лIауэ къэвмылъытэ. Ахэр псэущ, я Тхьэм деж ерыскъы къыщрату щыIэхэщ».

ДинкIэ си къуэш лъапIэхэ! НэгъуэщIым и гузэвэгъуэр зыхэпщIэныр, цIыхур зэхэпщIыкIыныр игъащIэми бегъымбархэм я хьэлу, я гъуэгуу щытщ. А хьэл дахэр къызыхэкIыр сыт жыпIэмэ, цIыхум и Iиманращ. Ар зыхэзылъхьэфыр зи гум гущIэгъу илъ цIыху щабэхэрщ. Нобэ хуабжьу дыхуэныкъуэщ Алыхьым и сэламыр зылъысын Бегъымбар махуэм и псалъэхэм: «МыIуминхэр, Iиман къэзыхьахэр, гущIэгъу яхэлъу, зыр адрейм хуэщабэу, зым адрейр фIыуэ илъагъуу зэбгъэдэтхэр зы IэпкълъэпкъыМ ещхьщ». Зыгуэр зыщIыпIэ деж къыщыхэузыкIмэ, зэрыIэпкълъэпкъыу мэуз, пщтыр хъууэ е жейм емызэгъыу. Зы лIым и бынхэм апхуэдэу иригъэщхьащ ЛIыкIуэ лъапIэм и Iумэтыр.

Джабир и хъыбарым дгъэзэжмэ, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар къыщIэупщIа нэужь, езыри абы нэхъ гъунэгъу хуэхъуауэ щытащ. Джабир къеIуэтэж: «Си адэр хэкIуэда нэужь, си шыпхъухэри си адэм и щIыхуэхэри къысхуэнати, зи щIыхуэ ттелъхэм я деж сыкIуэри, схуагъэIэпхъуэну селъэIуащ, ауэ зыми идакъым. ИтIанэ Алыхьым и ЛIыкIуэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам деж сыкIуэри, ари езгъэлъэIуащ, ауэ абыи къыхуадакъым ягъэIэпхъуэну. *(ЩIыхуэр хъурмэкIэ итыжын хуейуэ арат, иIэр мащIэ дыдэт).* Бегъымбар лъапIэм мыр къызжеIэ: «Уи хъурмэхэр лIэужьыгъуэ-лIэужьыгъуэкIэ зэхэдз. Абы иужькIэ щIыхуэ зэптыжын хуейхэм къеджэ, сэри сынэкIуэнщи, абдеж щеттыжынщ».

ЗэрыжиIам хуэдэу, хъурмэхэр самищу зэтескIутащ, лIэужьыгъуэкIэ зэхэздзщ, щIыхуэ зэстыжын хуейхэм сакъеджэри, Алыхьым и сэламыр зылъысын ЛIыкIуэ лъапIэри къэкIуащ. Хъурмэхэм бгъэдэтIысхьэщ, духьэ ищIри, ахэр къыщIигъалъэурэ, яритыжын щIидзащ. КъыIухьэм иритыжым иритыжурэ, а згъэтIылъам зыри хэмыщIу, я щIыхуэхэр естыжри, абдеж щылъар зэрызгъэтIылъам хуэдабзэу щылъу, зэбгрыкIыжахэщ».

ЦIыхур къыбгурыIуэныр фIыгъуэшхуэщ, а хьэл дахэр зыхилъхьэныр къызэхъулIэр Iиман зыбгъэдэлъхэрщ. Ар зыхэзымылъхьэфри насыпыншэу аращ. Умыпсэлъэххэу, гукIэ узэгуроIуэ цIыхур щызэхэпщIыкIым деж. Ар уи ныбжьэгъу, уи гъунэгъу, уи адэ, уи анэ, уи щхьэгъусэ, уи бын ирехъу. Щыхуэныкъуэм деж укъызэригъуэтынур ищIэу, уи напэм узэрихуэу, гузэвэгъуэ хэхуам къарукIи, мылъкукIи, псапэкIи зыщIэбгъэкъуэнырщ гущIэгъу хъужыр. Гъунэгъум гъунэгъугъэкIэ, благъэм благъагъэкIэ, ныбжьэгъум ныбжьэгъугъэкIэ, узыхэтхэм щхьэж езым зэрыхуэфащэм елъытауэ, уабгъэдэту.

УзэдаIуэ мыхъунухэр

Нэхъ пасэу зи гугъу фхуэтщIа, шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэныкъуэ Анзор и тхылъым («Без фанатизма: молодежь между крайностями») Iыхьэ щхьэхуэ щеубыд дин IуэхукIэ узэмыдэIуапхъэхэр къыхэпцIыхукIыфу зебгъэсэн зэрыхуейм. ЩIэныгъэлIым апхуэдэ къыхуеджакIуэ пхэнжхэр зэрыбгъэунэхуну нэщэнэхэм гу лъыуегъатэ.

«ДИНЫМ тепсэлъыхь псоми Алыхьым пэгъунэгъу уащIыркъым. ДинкIэ щхьэрыуэу хъийм икIар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зи псалъэхэр уи тхьэкIумэм ибгъэхьэ мыхъунур къызэрыпцIыхуну нэщэнэхэр щыIэщ, ар жьакIуэу псалъэу щытми», - етх Щхьэныкъуэ Анзор. ЩIэныгъэлIым нэщэнибл къехь, диным теухуа псалъэ гъэщIэрэщIакIэ укъэзыгъапцIэхэр кърипцIыхуну.

Япэрауэ, апхуэдэ цIыхур щыпсалъэкIэ, духьэшыфэ зытрегъауэ, ауэ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм теухуауэ щIэныгъэлIхэм къахь тегъэщIапIэхэр и псалъэм къыхэхуэркъым. Сытым дежи зэхэпхыр мы жыIэгъуэхэрщ: «сэ сызэреплъымкIэ», «сэ жызоIэ», «псоми ящIэ». «Iимам НэуэуиЙ зэрыжиIам тету...» е «хьэнэфийхэм я тегъэщIапIэм ипкъ иткIэ» жиIэу зэхэпхынукъым. Апхуэдэ къыхуеджакIуэм дин зехьэкIэ хабзэм хищIыкIыркъым, япэ иригъэщыр езым и Iуэху еплъыкIэрщ.

ЕтIуанэрауэ, абы емышу тезыр зэбгрегуэшыкI, «ар гъуэщащ», «ахэр фэрыщIщ», «а жылагъуэм узэрыщыгугъыжын щыIэкъым» псалъэхэр жиIэрейщ.

Бегъымбархэм къызэранэкIа къыхуеджэкIэм апхуэдэ псалъэ къыхэхуэххэркъым. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам Iущыгъэрэ гумащIагъэкIэт цIыхур диным къызэрыхуриджэр, армыхъумэ ткIиягърэ хэгъэзыхькIэрэтэкъым.

Ещанэрауэ, апхуэдэ цIыхур щыгуфIэр зэзэмызэххэщ, щыуагъи зыдилъагъуж и хабзэкъым. ЖиIэм къытемыхуэр и бийщ. Дагъуэ къыхуэзыгъуэт псори къефыгъуэу арaщ. ЩIэныгъэлI пэжым шыIэныгъэ хэлъщ, мыпхуэдэ щхьэрыуахэр ныкъуэкъуэхщ.

ЕплIанэрауэ, абы илъагъуу хъуар хьэрэмрэ диным уизыш защIэрэщ. ЩIэныгъэлIхэр щIызэдауэ гуэрым тепсэлъыхьын хуей хъумэ, къыхихыр бгъэдыхьэкIэ нэхъ ткIийрщ. Псори гуэныхьу, диным уизышу, щымыIэ къэбублэ хуэдэу къыщыхъумэ, ар дин щIэныгъэлIу аракъым, апхуэдэ хуитыныгъи щIэныгъи зимыIэ хеящIэ нэпцIщ.

Етхуанэрауэ, абы зэтемыхуэныгъэ гуэрхэр зэрыщыIэр къабыл ищIыркъым, езым игъэува гъунапкъэм уриукIэу апхуэдэщ. «Е удигъусэщ, е пэжым утекIащ». Ауэ щыхъукIэ, щэхьабэхэм нэгъунэ еплъыкIэ зэтемыхуэхэр яIэу щытащ, абы щхьэкIэ ахэр зыми бийуэ къимылъытэу.

Еханэрауэ, абы лъагъуныгъэм нэхърэ, шынэм нэхъ трегъащIэ. Жэхьэнмэм, тезырым, Алыхьым и губжьым тепсэлъыхьрейщ. Ауэ щыхъукIэ, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар шынэмрэ гугъэмрэ я зэхуакурт щыпсалъэр. Алыхьталэм мыхъумыщIагъэу пIэщIэкIам щхьэкIэ уигъэпшынэм и закъуэкъым, Ар ГущIэгъущIырейщ, ЩIэзыхъумэщ, Хьэлэлщ.

Ебланэрауэ, абы цIыхухэр къызэщIигъэплъэныр къохъулIэ, ауэ зыужьыныгъэм ухуишэркъым. Гур щIэзыгъапхъуэ псалъэ хэIэтыкIакIэ, къыхуеджэныгъэ зэрыхьзэрийкIэ, зыкъыхэшиикIынкIэ ерыщщ. Ауэ щыхъукIэ, илъэс псокIэ уригъуса пэтми, андез щтэкIи КъурIэн тэджуиди къэпщIакъым. ЖаIэм урихьэжьэнракъым нэхъапэр, гумрэ псэмрэ фIым зыхуаузэщIынырщ.

«А псом къикIращи, - еух и гупсысэр щIэныгъэлIым, - диным тепсэлъыхь псоми пэж жаIэркъым. Щабэ псори къаруушэкъым. ТкIий псори захуэкъым. УщиякIуэр къозыгъэцIыхур и Iущыгъэрщ, и щIэныгъэрщ, и шыIэныгъэрщ, армыхъумэ и макъ хэIэтыкIаракъым, интернетым щеплъа цIыху бжыгъэркъым, хьэмэ и гъэгужьеикIэ Iэзагъыркъым».

Швейцарием и Эгль къалэм щызэхэтащ Европэм тхэквондомкIэ (ВТФ - Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) балигъхэм я чемпионатрэ щIалэгъуалэм я деж пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ. УФ-м и командэ къыхэхам хэту абыхэм щыIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэр икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, ехъулIэныгъэфI дыдэхэр щызыIэрагъэхьащ.

Багъымрэ Къэзаншымрэ Европэм щытокIуэ

Багъ Идар

ЯПЭ ЩIЫКIЭ утыкум къихьар ныбжьыщIэхэрщ. Мыбдежым зэхьэзэхуэм и иужьрей махуэм килограмм 68-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ Къэзанш Къасболэт. Финалым ди щIалэм щыхигъэщIащ Азербайджаным и спортсмен Салимов Васиф.

Къыхэдгъэщынщи, Къэзаншым дунейпсо зэхьэзэхуэм и домбеякъ медалыр нэхъапэIуэкIэ къихьауэ щытащ, и хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупым абы къэралым япэ увыпIэр щиIыгъщ икIи щIалэгъуалэм я Олимп джэгухэм, 2026 гъэм екIуэкIынухэм, япэу ягъэкIуэнухэм яхэтщ. ЩIалэм дэлажьэхэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэщ.

Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэр зэрызэфIэкIыу, етIуанэ махуэм утыкум балигъхэр къихьащ европей чемпионатым и медалхэм щIэбэныну. УФ-м и командэ къыхэхам хэту абы щыIащ Багъ Идаррэ Бицу Къантемыррэ, тIури килограмм 58-рэ зи хьэлъагъ гупым хэту.

КъызэгъэпэщакIуэхэм езыхэм апхуэдэу ящIами е зэтехуами сщIэркъым ауэ, УФ-мрэ Белоруссиемрэ я спортсменхэр зы гупу зэхагъэувэри, зэпагъэувыжащ, медалхэм деж щынэсым нэхъыбэр кIэрагъэхун хуэдэу. Арати, жыжьэ мыкIуэу, Багъымрэ Бицумрэ етIуанэ зэIущIэм щызэхуэзащ. Мыбдежым Идар щытекIуащ. Къантемыр и япэ зэIущIэр Белоруссием и спортсменым къыфIихьат. Дигу къеуащ, апхуэдэу псынщIэу Бицур зэпеуэм къызэрыхэкIар и зэфIэкIыр нэсу къимыгъэлъагъуэу. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэм Багъыр щыIущIащ Минск къалэм и лIыкIуэм икIи абы текIуащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зэкъуэш къэралитIым я спортсменхэм ящыщу Идар и закъуэщ адэкIэ кIуар.

Хэт ищIэрэт, Бицу Къантемыр адрей сеткэм хэхуауэ щытамэ, финалым нэсынкIэ хъунут, абы и зэфIэкIыр къэплъытэмэ - ар УФ-м и чемпионщ, УФ-м и Кубокыр мазэ ипэкIэ къихьащ.

Ауэ, нэхъыщхьэжращи, Багъ Идар финалыр Франджым и спортсмен Матиз Алезио къыфIихьащ икIи япэу Европей чемпионатым и дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Идари и тренерыр Ахъмэт Амирщ. ЩIалэр УФ-м щэнейрэ и чемпион хъуащ, зэм ещанэ увыпIэр къихьащ, европей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, махуищ ипэкIэ, килограмм 42-рэ зи хьэлъагъхэм я деж Тхьэмокъуэ Элини щIалэгъуалэм я зэпеуэм дыщэ медаль къыщихьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр цIыкIум дежкIэ Европэ зэпеуэм и дыщэ медалищ къэпхьыныр - ар ехъулIэныгъэфI дыдэщ икIи узыгъэгушхуэ IуэхугъуэфIщ!

Дехъуэхъунщ Ахъмэт Амир зи пашэ «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэм куэдрэ иджыри дагъэгуфIэну, спортым и лъагапIэ нэхъ иныжхэри къащтэну, республикэми къэралми я щIыхьыр яIэтыну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэзанш Къасболэтрэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ

Iуащхьэмахуэ хьэщIэхэм япоплъэ

Ди деж щыяпэу, Iуащхьэмахуэ лъапэ и джабэ нэкIухэм лыжэкIэ къыщажыхьын щрагъажьэ зэманыр гуфIэгъуэ зэхыхьэкIэ къызэIуахынущ. Дыгъэгъазэм и 4 - 7-хэм абы и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм спорт зэIущIэхэмрэ нэгузыужь Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмрэ щрагъэкIуэкIынущ, къитащ Кавказ.РФ-м.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, дыгъэгъазэм и 5-м «Artik&Asti» гупым хэт уэрэджыIакIуэ Севильрэ «Голос» урысейпсо зэпеуэм и кIэух зэхьэзэхуэм хэта Фирайерэ (Firaya) курортым концерт щатынущ. Дыгъэгъазэм и 6-м утыкур хуит хуащIынущ «Султан-Ураган» гупымрэ Санкт-Петербург къалэм и «The Hatters» рок-гупымрэ.

Апхуэдэу ди тхыдэм щыяпэу Iуащхьэмахуэ лъапэ деж щыIэ машинэ гъэувыпIэм концертхэр щатыну сценэр щагъэувынущ. Артистхэм зыкъэлъэгъуэн щыщIадзэнур сыхьэт 18-м ирихьэлIэущ - туристхэр лыжэ къэжыхьынкIэ ирикъуа, я пIэ изэгъэжа, абыхэм загъэпсэхужа нэужьщ. ЗэрыфщIэщи, мы гъэм Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэм лыжэкIэ къыщажыхьын щIадзащ щэкIуэгъуэм и 1-м.

ЖармыкIэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэм пщэдджыжьышхэхэр щрагъэщIынущ, хьэщIэхэм лъэпкъ ерыскъыхэр Iуагъэхуэнущ, мастер-классхэр щагъэлъэгъуэнущ. Азэу хуейм и утыкум етIуанэ сценэр щагъэувынущ, нэгузегъэужьыпIэхэри абдежым къыщызэрагъэпэщынущ. «Кругозор», «Мир» станцхэм ди-джейхэр щыджэгунущ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, гуфIэгъуэ зэхыхьэм цIыху мин 12-м нэблагъэ кърихьэлIэнущ. Программэ нэхъыщхьэхэм хэтынухэм пщIэ щIатынукъым, ауэ сайтым зыщрагъэтхын, бгыщхьэм кIапсэ гъуэгухэмкIэ зэрыдэкIуеину билетхэр къащэхун хуейщ. Сыту жыпIэмэ, зэхуэсыр нэхъыбэу щекIуэкIынур бгым и метр 3000-м ищхьэIуэкIэщ.

Спорт программэхэм хэтынухэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и деж иIэ машинэ гъэувыпIэм и утыкум щекIуэкIыну концертхэм щхьэкIэ билетхэр щхьэхуэу ящэнущ.

«Iуащхьэмахуэ» курортым иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэр къызэзыгъэпэщыр «Урысейм и бгыхэр» экосистемэрщ, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр, Кавказ.РФ-р, КъБР-м и Правительствэр къадэIэпыкъуу.

ЩЭУЕЙ Башир.

● Щэнхабзэ

ЩэкIуэгъуэм и 13 - 16 махуэхэм Сочэ щекIуэкIащ адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхыхьэ ин. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, цIэрыIуэу щыта Къандур Мухьэдин и гъащIэм, лэжьыгъэм, лъэпкъым къыхуигъэна щIэиным. Махуищым къриубыдэу Краснодар крайм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэщащ Къандурым и творчествэм теухуа лекцэхэр, мастер-классхэр, «Iэнэ хъурейхэр», пресс-конференцхэр, тхакIуэ цIэрыIуэм и цIэкIэ екIуэкIа дунейпсо литературэ зэпеуэм щытекIуахэр щагъэфIэж пшыхь.

Къандур Мухьэдин и лъэужьыр нуру маблэ

АДЫГЭ зэхыхьэ иным къеблэгъащ Сочэ къалэ и администрацэм и лэжьакIуэхэр, Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм щыцIэрыIуэ тхакIуэ, усакIуэ лъэрызехьэхэр, Лондон къилъэтыкIыжа, Iуэхур зэхэзыша, Къандур Мухьэдин и щхьэгъусэ, тхакIуэ, усакIуэ, продюсер Бэлагъы Любэ, «Тхылъ зэIуха» дунейпсо литературэ зэпеуэм щытекIуахэр, абыхэм я лэжьыгъэхэр къэзыпщытахэр. Iуэхум хэлэжьыххьащ икIи фэеплъ пшыхьым и пщIэр хуабжьу къаIэтащ, зылI и быну зэкъуэувэу зэхуэсым къекIуэлIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэри. Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжидрэ Бэлагъы Любэрэ а махуэхэм кърагъэблэгъащ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий, Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Зэтий, Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и дэIэпыкъуэгъу Хъыжьрокъуэ Азэмэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм и япэ пшыхьым псалъэ гуапэкIэ хьэщIэ лъапIэхэм защыхуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы жиIащ джылахъстэней щIыналъэм зи адэжьхэм я лъапсэр къыщежьэ ди лъэпкъэгъу лIы щыпкъэм гъащIэ купщIафIэ къызэригъэщIар, адыгэм и цIэр дуней псом зэрыщигъэIуар, абы и IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъ литературэм и фIыпIэхэм ящыщу дяпэкIэ щIэблэм зэраджынур. Хьэутий фIыщIэ хуищIащ Мухьэдин и щхьэгъусэ Бэлагъы Любэ. Абы тхакIуэ зэчиифIэм и лэжьыгъэм къызэрыпищэм, езым и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт Бэлагъы Любэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ лъэпкъ литературэр нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэдзэкIыным, урысыбзэм игъэзэгъэным нобэкIэ мыхьэнэуэ иIэм теухуауэ. Мухьэдин и лэжьыгъэм къытеувыIащ Къандурым и ныбжьэгъуфIу щыта, абы и тхылъ куэд къыдэзыгъэкIа Котляров Виктор, хамэ къэрал щыпсэухэм я щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужхэм Къандур Мухьэдин зэращыщыр жиIащ Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Зэтий, абыхэм я псалъэм пащащ тхакIуэ цIэрыIуэ Кренев Павел, нэгъуэщIхэми.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Iуэхур щекIуэкIащ Лазаревскэм Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и центрым. Абы дэтхэнэми езым и пэш щхьэхуэ иIэжу я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр щахъумэ адыгэхэм, урысхэм, къэзакъхэм, алыджхэм, белорусхэм, украинхэм, ермэлыхэм. Дэтхэнэми гуапэу драгъэблэгъащ, я жьэгу дыдагъэплъащ, я лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэм къытхутепсэлъыхьри, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр ди пащхьэ кърахьащ.

Ди лъэпкъэгъухэр, шапсыгъхэр къахолыдыкI а псоми. Нэхъапэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта, гъуазджэм, щэнхабзэм ехьэлIа хьэпшыпхэр блынхэм фIэлъщ, я Iэнэр узэдащ, «Насып» ансаблым хэт щIалэхэр Iэзэу пшынэ, бэрэбан йоуэ, пхъэцIычыр къагъачэ, дзапэ макъамэр кърахащ, гурыфIыгъуэм узэщIиIэтэу.

Лъэпкъ щэнхабзэ хэщIапIэхэр къызэхакIухьа нэужь, Котляров Викторрэ Бэлагъы Любэрэ къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Къандурым и литературэ, гъуазджэ, щэнхабзэ щIэиным икIи иджыблагъэ дунейм къытехьа, Мухьэдин къыщIидзэу Любэ нигъэсыжа «Династия: истоки и венец» тхылъыр утыку кърахьащ.

КъигъэщIа илъэс 85-м къриубыдэу Мухьэдин лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар, нэхъыщхьэращи, хамэ хэку къыщалъхуами, къызыхэкIа лъэпкъыр, абы и лъабжьэр къыщежьэ Хэкур зэи щымыгъупщэу зэрыпсэуар жиIащ Котляров Виктор къыщыпсалъэм. Къандурым и IэдакъэщIэкI купщафIэхэм папщIэ дуней псом гулъытэ къыщыхуащIащ. Ар хагъэхьащ илъэс миным и цIыху нэхъ цIэрыIуэ дыдэу къалъытэ 500-м. «Хэкур егъэфIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ» дыщэ орден жорыр кърататащ.

Томищ хъу «Кавказ» («Чеченские сабли», «Казбек из Кабарды», «Тройной заговор») романыр, «Черкесы. Балканская история», «Революция», «Легенда», «Опасная связь» тхылъхэр, инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, урысыбзэкIэ къыдэкIа и «Мюридизм» монографиер, «Воскрешение Богини Сатинай» нотэ Iэрытххэр, ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуауэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр, интервьюхэр, письмохэмрэ телеграммэхэмрэ бжыгъэншэщ. Абы и зэфIэкIхэм папщIэ «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр 2008 гъэм хуагъэфэщащ.

Адыгэхэм я къекIуэкIыкIар гъуджэм хуэдэу къыщыгъэлъэгъуэжа тхыдэ романхэр къыщIэнащ Мухьэдин. ЗэфIэкI ин къыщызэкъуихат киноми. Абы щыхьэт тохъуэ Иорданием и пащтыхьыкъуэ Али Бен Аль-Хъусейни и жэрдэмкIэ, Къандурым 2009 гъэм Иорданием щытриха «Шэрджэс» фильмым Монако щекIуэкIа кинофестивалым дамыгъэ нэхъыщхьэхэр къызэрыщыхуагъэфэщар, «МелыIыч» саугъэтыр, «Илъэсым и кинорежиссёр нэхъыфI», «Илъэсым и сценарист нэхъыфI» щIыхьыцIэхэри щIыгъужу. Зи гугъу тщIы лэжьыгъэр щагъэлъэгъуащ Берлин, Тыркум, Дубай, Париж, Малайзием, Филиппинхэм, Японием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа кинофестивалхэм. Иорданием щыIа кинофестивалми а лэжьыгъэм саугъэт нэхъыщхьэр къыщихьащ.

Къандурыр псэуху хущIэкъуащ адыгэм и тхыдэм и лъэпкъэгъухэр щигъэгъуэзэну. Абы и лэжьыгъэхэр къыщалъытащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Инджылызым, Урысейм. И тхыгъэхэр зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Зэхыхьэм щхьэхуэу щагъэлъэпIащ дунейпсо литературэ зэпеуэм щытекIуахэр. Зэхьэзэхуэр екIуэкIащ шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ. Абы зэкъуигъэуват литературэм зигу хузэIухахэр, адыгэбзэкIэ тхэхэр, адыгэхэм папщIэ литературэ IэдакъэщIэкI зиIэхэм я нэхъыфI тхакIуэхэр, усакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр, драматургхэр, публицистхэр. Израилым, Тыркум, Краснодар крайм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэным щыщ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къыщапщытащ зэпеуэм, урыс, ермэлы, шэшэн, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм адыгэхэм усэхэр, Iуэтэжхэр, поэмэхэр зэрытраухуар къигъэлъэгъуащ, тхакIуэ ныбжьыкIэхэр къызэрыщыгъэхъуами щыхьэт техъуащ, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ щIалэгъуалэр зэрыхэтар жиIащ.

ТекIуахэр щагъэфIэм пшыхьыр къызэзIуихащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы жиIащ ди лъэпкъэгъу тхакIуэ зэчиифIэм и IэдакъэщIэкIхэр адыгэ лъэпкъым и щIэин лъапIэхэм ящыщ зэрыхъуар. Хамэ хэку къыщалъхуами, и лъахэ имысыжами, и лъэпкъым хуэпэжу, хуэлажьэу, хуэпсэууэ дунейм зэрытетар. «Ар Алыхьыр зэфIэкI къызэрымыкIуэкIэ зыхуэупса цIыхут. И лъахэм пэжыжьэу къэхъуа пэтми, адыгэлIым хэлъын хуей хьэл псори хэлъу, лъэпкъ хабзэм тету псэуащ. Адыгэ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным триухуащ Мухьэдин и гъащIэр жыпIэмэ, ущыуэнукъым», - жиIащ Хьэутий.

Псалъэ гуапэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ Урысей тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ секретарь Василенкэ Светланэ. Абы къыхигъэщащ зэпеуэр хуабжьу купщIафIэу зэрекIуэкIар, тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд къызэрагъэхьар, увыпIэ зыхуагъэфэщахэм нэмыщIи, ягу ирихьа тхыгъэхэр, Москва къыщыдэкI «Паровозъ», «Литературные знакомства» журналхэм дяпэкIэ къызэрытрадзэнур.

- Мухьэдин и псэр гуфIэу къысщохъу мыпхуэдиз цIыху къыщызэхуэса махуэм, - жиIащ Бэлагъы Любэ псалъэ щратым. - Ар нэгъуэщI къэрал къыщалъхуа щхьэкIэ, сытым дежи гурэ псэкIэ и хэкужьым къыпыщIауэ щытащ, и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр иIэту, нэхъыбэжкIэ зэригъэбэгъуэным иужь иту къекIуэкIащ. Сэ сыхуейщ абы и IэдакъэщIэкIхэр хэкурысхэм яджыну, лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ я Iыхьэ хъуну.

А махуэм утыку къыращащ зи щIэныгъэкIэ, зэчийкIэ къыхэжаныкIахэр. «Усыгъэ» унэтIыныгъэм щытекIуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Гугъуэт Заремэ, етIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Краснодар крайм и ТIуапсэ районым хыхьэ Агуй-Шапсыгъ къуажэм щыщ, зи IэщIагъэкIэ хирург шапсыгъ щIалэ Iэлалэ Хьэсэн, ещанэ увыпIэр къиихьащ Шэшэн Республикэм щыщ, адыгэхэм усэ зыбжанэ тезытхыхьа Юсупов Бислан.

«Прозэм» щытекIуар егъэджакIуэ, тхакIуэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Багъ Марьямщ, етIуанэ увыпIэр къиихьащ егъэджакIуэ, юридическэ щIэныгъэмкIэ кандидат Щауэ Ибрэхьим, ещанэ увыпIэр зэдагуэшащ Адыгей къэрал университетым и юридическэ факультетым и егъэджакIуэ СтIащ Заремэрэ «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэ Лыхь Тимуррэ.

«ЗэдзэкIыгъэ» унэтIыныгъэм япэ увыпIэр къыщихьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист НэщIэпыджэ Замирэ, етIуанэр - «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэ Чырбыж Иринэ, ещанэр - сурэтыщI Абыдэ Iэсият.

«Драматургием» пашэ щыхъуар тхакIуэ, журналист, «Адыгэ макъ» газетым и обозреватель Дербэ Тимурщ, «Публицистикэм» къыщыхэжаныкIар «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист Къумахуэ Аслъэнщ. Адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «ФыщIэ» дамыгъэр лъагъэсащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхакIуэ ХьэкIуащэ Мадинэ. Зэпеуэм и дипломант хъуащ КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и етIуанэ курсым щеджэ ПщыукI Дисанэ, юрист, дзэ Iуэху хэхам щыIэ Умар Анзор, Хъумэрэ къуажэм Дыгъужь Къурмэн и цIэр зэрихьэу дэт курыт еджапIэм и 10-нэ классым щIэс Мыхьэмэт Аслъэн сымэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъ иджыблагъэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIащ, «Свет искренности и доброты» тхылъыимрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ пашэныгъэ къэзыхьахэм. Зи гугъу тщIы тхылъым хуэдэ иратащ Сочэ къалэм и библиотекэу 48-м, Лазаревскэ районым ит курыт еджапIэхэм я тхылъ хъумапIэхэм.

А пщыхьэщхьэм утыкур ягъэдэхащ Сочэ къалэм, Лазаревскэ районым и къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ.

Я цIэр къиIуапхъэщ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтахэм. Абыхэм я нэхъыщхьэу зэдэлэжьащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, ЩIДАА-м и вице-президент, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ тхакIуэ, усакIуэ, сценарист, Урысейм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм, Кинематографистхэм я союзхэм, ПЕН-клубым хэт, Урысей тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ секретарь Василенкэ Светланэрэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, Адыгейм и литераторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АРИГИ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Къуиикъуэ Асфар, тхакIуэ-публицист, журналист, редактор, лъахэхутэ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэт Котляров Виктор, публицист, зэдзэкIакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм, Кавказ тхакIуэхэм я клубым хэт, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, тхакIуэ, литературовед, критик, тхыдэдж, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Серебряные сверчки» журналым и къызэгъэпэщакIуэ, «Литературные знакомства» журналым и редактор нэхъыщхьэ Звонаревэ Лолэ, усакIуэ, тхакIуэ, критик, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, литературэ консультанту абы щылажьэ Брегман Марие, езы Бэлагъы Любэ сымэ.

Мы гъэм япэу ирагъэкIуэкIа «Тхылъ зэIуха» зэпеуэр зытеухуар Къандур Мухьэдин къызэринэкIар хъумэнырщ, адыгэ щэнхабзэм зегъэужьынырщ, адыгэ литературэм и пщIэр къэIэтыжынырщ, тхэн щIэзыдзагъащIэхэр, зи къалэмыр нэхъ жан хъуахэр къэралпсо, дунейпсо утыку ишэнырщ. Урысейм, адыгэм я тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ хуэзыщIхэр, а зэхущытыкIэфIхэр псалъэкIэ къэзыIуэтэфхэр зэрыщыIэр иджыри зэ хьэкъ ищIащ мы зэпеуэм.

Урысейм и Президентым и грантыр и щIэгъэкъуэну Бэлагъы Любэ иригъэкIуэкIа зэхыхьэхэм щынэхъыщхьэр Къандур Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэр хэкум иджыри зэ щыгъэлъэгъуэнырт, абы цIыхубэр щыгъэгъуэзэнырт. Ар и лъабжьэу «Бридж Резорт» хьэщIэщым Iуэхугъуэ зыбжанэ щекIуэкIащ. Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм щызэрихьэлIэ цIыху зэчиифIэхэрщ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэр. Къэралым щыцIэрыIуэ литератор, тхакIуэ, редактор цIэрыIуэхэу Василенкэ Светланэ, Звонаревэ Лолэ, Кренев Павел, Котляров Виктор лекцэ гъэщIэгъуэнхэм къеджащ а махуэхэм, зыужьыныгъэм узэрыхуэкIуэн Iэмалхэр, къэухьым зэрызиужьын Iуэхугъуэхэр, акъылыр зэгъэжан щIэныгъэхэр утыку кърахьэу. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэхуэгуапэу, Iуэху екIуэкIамкIэ арэзыуэ, етIанэгъэ зэхашэну фестивалыр зэхуапIалъэу зэбгрыкIыжащ.

Адыгэм и цIэр къэрал куэдым щигъэIуауэ, гурэ псэкIэ къызыхэкIа лъэпкъым хуэлэжьауэ ди лъэпкъым къыхэкIа цIыху щэджащэ Къандур Мухьэдин Иззэт и къуэр дунейм зэрехыжрэ илъэситI ирикъуащ, ауэ и лъэужьыр ужьыхакъым, абы ирикIуэ цIыхухэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу Любэ зэхишэ мыпхуэдэ пшыхьхэмрэ зэпеуэхэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2528
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.